

Netwayaj ak dezenfeksyon ki an sekirite nan peryòd COVID-19 la



Peryòd COVID-19 la pote anpil nouvo traka nan zafè rete an sante ak sennesòf. Nou aprann lè nou mete yon mask epi respekte distans sosyal, sa ap redui kontak nou ak polyan ki nan lè a epi nou vin renmen fè netwayaj, aseni ak dezenfekte sifas yo.

Nan zafè netwayaj ak dezenfeksyon, gen bagay ki enpòtan pou w konsidere pou w kenbe yon anviwònman pwòp epi san danje. Sa anpil moun ka pa konnen se gen kèk pwodui netwayaj ak dezenfektan ki kapab fè move efè sou sante yo. Erezman, **nou kapab minimize danje a lè nou chwazi pwodui ki mwens danjere yo epi suiv pratik netwayaj ak dezenfeksyon estrik yo.**

Poukisa pratik netwayaj ak pratik dezenfeksyon ki mwens danjere yo enpòtan ?

Plis netwayaj ak dezenfeksyon avèk pwodui chimik toksik

= Plis opòtinite pou w an kontak ak pwodui chimik danjere yo

Kijan pou mwen pwoteje tèt mwen kont COVID-19 ak pwodui chimik danjere yo ?

Konnen diferans lan :

NETWAYAJ :

Elimine kras, mikwòb, ak viris sou sifas yo

ASENISMAN :

Diminye kantite mikwòb sou sifas yo

DEZENFEKSYON :

Touye mikwowòganis yo (bakteri ak viris)

Fason pou w netwaye ak dezenfekte san danje

Toujou fè netwayaj anvan w fè asenisman oswa dezenfeksyon. Mikwowòganis, tankou bakteri ak viris, kapab kache nan patikil kras yo. Sa pwoteje yo kont dezenfektan ak pwodui asenisman yo.



Pa itilize dezenfektan ak pwodui asenisman yo twòp.

Souvan, dlo ak savon sifi pou fè netwayaj epi lave men. Kite zafè itilize dezenfektan an pou kote moun frekante anpil ak sifas moun manyen souvan.



Pa itilize dezenfektan sou sifas ki gen kontak ak manje,

tankou planch pou koupe, chodyè ak kaswòl oswa vesèl — yo ka rete sou sifas la lontan apre ou fin netwaye yo epi yo kapab antre nan manje a.



Mete Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE).

Gan, epi menm yon mask ak linèt, ap ede ou anpeche pwodui chimik danjere yo antre an kontak ak po a epi anpeche ou respire yo.



Louvri fenèt yo epi ouvri vantilatè a.

Bon vantilasyon enpòtan pou evite respire pwodui chimik danjere yo.



Flite. Tann... fè yon ti tann ankò. Siye.

Yon pwodui bezwen an kontak ak yon mikwowòganis pou yon kantite tan espesifik pou li efikas. Pran san ou pou w li ak suiv etikèt la.



Pa janm melanje pwodui chimik yo !

Melanj kèk pwodui chimik ap bay vapè toksik ki kapab touye moun ! Pa janm melanje klowòks ak anyen sof dlo (*gade paj ki vini annapre a*).

Pwodui chimik pou evite

Menm si anpil pwodui chimik dezenfektan kapab bay pwoblèm respirasyon, klowòks ak alyaj amonyòm katenè yo sitou danjere pou moun ki gen konplikasyon respirasyon tankou opresyon !

Klowòks : Klowòks, ki se yon dezenfektan moun souvan itilize, kapab lakoz iritasyon oswa lezyon kowozif (ki ka wonje) si li an kontak ak po a oswa je yo. Epi, lè yo melanje li ak asid oswa amonyak, li kapab fè gwo dega nan sistèm respiratwa siperyè a oswa li kapab menm lakoz lanmò.

Melanj Amonyòm Katenè yo (Quat) : Pwodui ki itilize melanj sa yo pami pwodui moun itilize anpil yo. Melanj amonyòm katenè yo se iritan po ak poumon epi yo kapab kontribiyè nan bay pwoblèm opresyon ak respirasyon. Yo ka bay moun pwoblèm fètilite tou.

Fason pou idantifye yon alyaj amonyòm katenè — Yo souvan itilize melanj amonyòm katenè yo nan ti sèvyèt dezenfektan yo. Verifye engredyan aktif yo sou etikèt la ; melanj amonyòm katenè yo souvan fini ak “-onium chloride (klori onyòm).” Pa egzanp : Benzalkonium chloride, Alkyl dimethyl benzyl ammonium chloride, Didecyldimethylammonium chloride

Pa janm melanje klowòks ak anyen sof dlo !

Klowòks + Amonyak = kapab lakoz lanmò !

Klowòks + Dlo Oksijene = Danjere

Klowòks + Asid (nan kèk pwodui netwayaj pou bòl twalèt) = kapab lakoz lanmò !

Klowòks + Alkòl Izopropil = Danjere

Klowòks + Vinèg = Danjere

Dlo Oksijene + Vinèg = Danjere



Fason pou chwazi pwodui ki mwens danjere pou konbat COVID

Chèche **chwa ki pi bon yo** (pwodui netwayaj yo sèlman), **Konsepsyon pou anviwònman** (dezenfektan sèlman), **logo EcoLogo** oswa **GreenSeal** pou jwenn chwa ki pi bon yo.

Ou kapab verifye logo a sou boutèy la oswa chèche pwodui yo nan bazdone

anliy sa yo : Safer Choice : <https://www.epa.gov/saferchoice/products>

(Design for the Environment) Konsepsyon pou Anviwònman :

<https://www.epa.gov/pesticide-labels/dfe-certified-disinfectants>

GreenSeal : <https://www.greenseal.org/certified-products-services>

Pou w jwenn pwodui ki mwens danjere yo, yon lòt kote pou chèche se Environmental Working Group Guide to Healthy Cleaning (Gid pou Gwoup Travay Anviwònman pou yon Bon Netwayaj) :

<https://www.ewg.org/guides/cleaners/>.

Itilize Altènativ Chimik ki Mwens Danjere. Pwogram Chwa ki Mwens Danjere EPA a apwouve pwodui chimik sa yo kòm engredyan dezenfektan ki efikas :

Izopropanol
Etanol

Dlo Oksijene
Asid Sitrik

Asil Laktik L
Asid parasetik

Bisilfat sodyòm
Asid Ipoklore

Ou pa sèten si lap touye COVID ? "Lis N" EPA a kapab ede ou. Chèche pwodui yo selon nimewo anrejistremant EPA a, selon engredyan aktif la, sit itilizasyon, kalite sifas, oswa tan kontak. Itilize [lis sa a](#) pou w konnen si pwodui w la efikas kont kowonaviris imen an oswa pou w jwenn pwodui ki koreponn ak pwodui ou pi pito yo. Selon EPA, tout pwodui chimik ak pwodui ki asosye sou lis sa a ap touye COVID-19 lè yo itilize yo selon enstriksyon ki sou etikèt la. Men, li pa endike pwodui a "san danje".

The Toxics Use Reduction Institute (TURI) : Yon pil ak pakèt enfòmasyon. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ak lòt mwayen ki mwens danjere pou netwaye ak dezenfekte, ale sou [sitwèb](#) Toxics Use Reduction Institute [la](#).



Pou w resevwa yon **ATELYE VITYÈL** sou dokiman sa a ak plis bagay, tanpri kontakte **Ian Hyp** (ihyp@cleanwater.org) oswa **Laura Spark** (lspark@cleanwater.org).



CLEAN WATER FUND

Yo te devlope fèy done sa a gras ak yon sibvansyon ki soti nan Toxics Use Reduction Institute nan UMass Lowell.